



## KÈK TI ENFÒMASYON SOU

# Chanjman ki pral fèt pou moun ki enskri nan Medicaid, Child Health Plus ak Essential Plan

NY State of Health se Mache Ofisyèl Plan Asirans Sante Vil New York la.

Si ou gen 19 ane oswa plis epi w ap viv nan Eta New York, nou kapab ede ou jwenn asirans sante nan yon pri w ap kapab peye.

Kijan mwen kapab enskri?

👉 [nystateofhealth.ny.gov](https://nystateofhealth.ny.gov)

OSWA

📞 1-855-355-5777 oswa  
TTY: 1-800-662-1220

OSWA

📄 Atravèèd gratis pèsonele ou jwenn nan men yon asistan sètifye ki tou pre lakay ou oswa travay ou an.

NY State of Health konfòme li ak lwa Federal konsènan dwa sivik ak lwa nan Eta a ki anvigè, epi li pa fè diskriminasyon ki baze sou ras, koulè, sèks, laj, orijin nasyonal, kwayans oswa relijyon, eta sivil oswa sityasyon famiyal, kazye jidisyèl, kondanasyon penal, idantite seksyèl, oryantasyon seksyèl, karakteristik predispozisyon jenetik, sityasyon militè, viktim vyolans nan kay epi/oswa vanjans.

## Aktyèlman, èske ou menm oswa yon manm fanmi ou gen yon asirans sante gras ak Eta New York Medicaid, Child Health Plus oswa Essential Plan?

Nan pa twò lontan Eta New York pral rekòmanse ak verifikasyon pou kalifikasyon an, pou asire l moun ki enskri yo toujou kalifye pou pwogram sa yo. Sa vle di ou ka bezwen fè demach pou ou renouvle asirans sante w oswa asirans manm fanmi ou an. Pa egzanp, si revni w chanje anpil depi lè pandemi COVID-19 la kòmanse, li posib ou ka bezwen siyale enfòmasyon sa yo bay NY State of Health pou w toujou rete enskri nan asirans sante a.

**Men kèk bagay ou kapab fè depi kounye a pou ou prepare:**

### 1 Enskri pou jwenn alèt nan mesaj tèks.

Enskri pou resevwa alèt NY State of Health voye pou ou nan mesaj tèks SMS oswa MMS, yon fason pou ou pa rate mizajou enpòtan yo ap fè nan asirans sante a, tankou lè moman an rive pou renouvle pwoteksyon ou an. Pou ou enskri, **ekri START voye bay 1-866-988-0327.**

### 2 Asire ou adrès ou an ajou.

Asire ou NY State of Health oswa biwo Medicaid ki nan zòn ou an gen adrès postal, nimewo telefòn ak adrès imèl ou genyen kounye a, yon fason pou yo kapab kontakte ou konsènan asirans sante ou.

Si ou gen asirans avèk NY State of Health, ou kapab:

- Rele nan 1-855-355-5777 (TTY: 1-800-662-1220)
- Konekte sou kont ou an nan [nystateofhealth.ny.gov](https://nystateofhealth.ny.gov)
- Jwenn yon asistan nan <https://info.nystateofhealth.ny.gov/findassistant>

Si ou gen Medicaid gras ak biwo Medicaid ki nan Konte ou an oswa gras ak Administrasyon Resouzimèn Vil New York (Human Resources Administration, HRA), kontakte biwo ki nan zòn ou an pou mete adrès ak enfòmasyon pou kontakte ou yo.

### 3 Rete enfòme.

Vizite <https://info.nystateofhealth.ny.gov/COVID-19-Changes> pou jwenn plis enfòmasyon. NY State of Health ap fè mizajou regilyèman sou paj sa a pou li mete nouvo enfòmasyon.